Научная статья
УДК 811.352.3
DOI: 10.31007/2306-5826-2024-2-61-25-32

# ГЪЭПСЫКIЭЗЭХЭЛЪ ЗИIЭ АДЫГЭБЗЭ БЖЫГЪЭЦIЭХЭМ ЩЕКIУЭКI МАКЪЗЭБЛЭХЪУ ЛIЭУЖЬЫГЪУЭХЭР

***Дзыгъуанэ Ритэ Хьэбалэ ипхъу***

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институт – Федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэ «Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» Федеральнэ щIэныгъэ центрым» и филиал, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ, Налшык къалэ, Урысей, dzug.rita@yandex.ru, orcid.org/0000-0003-0684-7600

© Дзыгъуанэ Р.Хь., 2024

***Аннотацэ***. ПсалъэщI гъэпсыкIэ IэмалкIэ адыгэбзэм бжыгъэцIэ куэд къыхохъукI. Мы лэжьыгъэм и мурадыр апхуэдэ щIыкIэм тету бжыгъэцIэхэр хыхьэу къэхъу зэхэлъ гъэпсыкIэ зиIэ къэхъугъэхэм я лъабжьэ кIэухым щекIуэкI аблаут лIэужьыгъуэхэр къэгъэнэIуэнырщ икIи ахэм бзэм щагъэзащIэ къалэн нэхъыщхьэхэм тепсэлъыхьынырщ. Зи гугъу тщIы бжыгъэцIэхэр я къэхъукIэ илъэныкъуэкIэ зэхуэмыдэщ, абы къыхэкIкIи макъзэблэхъу щекIуэкIхэри зэхуэдэкъым. Апхуэдэу тIурыгуэш бжыгъэцIэхэр зэрабж бжыгъэцIэхэм къатокIыр макъзэблэхъу ***ы:э***-кIэ: *зэ(зы), щэ(щы),* н.къ. Зэрагуэш бжыгъэцIэхэм къытригъэзэжурэ я кум псалъэзэпыщIэ ***-ры-*** дэту къыщыкIуэкIэ, нэгъуэщI аблаут лIэужьыгъуэ щыдиIэщ – псалъэ зэхыхьэхэм я етIуанэ Iыхьэм пыт макъзешэ кIэухыр покIуэдыкI: *зы-ры-з, щы-ры-щ,* н.къ. Псалъэзэхыхьэ къэхъукIэкIэ бжыгъэцIэрэ щыIэцIэ псалъэпкърэ зэхыхьэу плъыфэцIэхэр къыщагъэхъу куэдрэ щыIэщ. Апхуэхэм деж псалъэ зэхыхьахэм тIуми я лъабжьэ кIэуххэр покIуэдыкIри зэпызыщIэ сонант ***-и-*** я кум къыдоувэ: *гу-и-тI-щхь-и-тI* (дзыхьмыщI, Iэнкун). ГъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ цIэхэр бжыгъэцIэрэ лэжьыгъэцIэрэу щызэхыхьэкIэ щыIэцIэ лъабжьэуж лэжьыгъэцIэм къыпыувэнкIи мэхъу: *зэ-ры-кIуэ-гъуэ* (защIэ, зы къат). БжыгъэцIэ псалъэпкъищ зэхыхьэу гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ бжыгъэцIэхэр къыщыхъукIэ, зи бжыгъэр мынаIуэ дыдэ мыхьэнэ къагъэлъагъуэ, иуж ит Iыхьэм и кIэух макъзешэр покIуэдыкI*: зы-бгъу-пщI* (бгъу, пщIы хуэдиз гуэр). БжыгъэцIэхэм лъабжьэуж къапыувэурэ бзэм псалъэ куэд къыхохъукI. Ахэр :***-анэ, -ащIэ, -алэ*** жыхуиIэ лъабжьэужьхэрщ. Иужьрейхэр макъзешэ ***э***-кIэ иухыу къакIуэ бжыгъэцIэхэми, апхуэдэу макъзешэ ***ы***-кIэ иуххэми япоувэ. Зи гугъу тщIы псалъэщI лъабжьэужьхэр зыхыхьэхэм я лъабжьэ кIэуххэр макъзешэ ***а***-м хуокIуэ: ***ы>а, э>а***. Къэхутэныгъэхэм къагъэлъэгъуащ дызыкIэлъыплъ бжыгъэцIэ гупым я лъабжьэ кIэуххэр зы аблаут лIэужьыгъуэм иджыри нэсу зэрыхуэмыкIуар, ауэ лъабжьэужьхэр щапыувэм деж бжыгъэцIэхэм зы макъзэблэхъу лIэужьыгъуэ зэрыщыдиIэр (***ы,э>а)***. Абы къыщынэмыщIауэ къыхэгъэщыпхъэщ зэхэлъ гъэпсыкIэ зиIэ бжыгъэцIэхэм къагъэлъагъуэ мыхьэнэхэр гъэнэIуэнымкIэ макъзэблэхъухэр дэIэпыкъуэгъу хъууэ къызэрыкIуэр. Ар аргуэру щыхьэт тохъуэ лексикэмрэ грамматикэмрэ зэхуаIэ зэпыщIэныгъэм.

***Зэрыгъуазэ псалъэхэр****:* адыгэбзэ, макъзэблэхъу лIэужьыгъуэ, лъабжьэ кIэух, псалъэзэхыхьэ, бжыгъэцIэ

***Цитатэ къызэрыхэпхынур****:* Дзыгъуанэ Р.Хь. ГъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ адыгэбзэ бжыгъэцIэхэм щекIуэкI макъзэблэхъу лIэужьыгъуэхэр // Вестник КБИГИ. 2024. № 2 (61). С. 25–32. DOI: 10.31007/2306-5826-2024-2-61-25-32

Научная статья

## АБЛАУТНЫЕ ЧЕРЕДОВАНИЯ В СЛОЖНЫХ ИМЕНАХ ЧИСЛИТЕЛЬНЫХ В КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКОМ ЯЗЫКЕ

***Рита Хабаловна Дзуганова***

Институт гуманитарных исследований – филиал Федерального государственного бюджетного научного учреждения «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук», Нальчик, Россия, dzug.rita@yandex.ru, orcid.org/0000-0003-0684-7600

© Р.Х. Дзуганова, 2024

***Аннотация***. Целью исследования является выявление аблаутных чередований в сложных числительных и определение их роли в словообразовательном процессе кабардино-черкесского языка. Комплексный анализ словообразовательных и морфонологических возможностей сложных моделей с участием числительных считается одной из актуальных проблем в адыговедении. Научная новизна данного исследования заключается в выявлении всех словообразовательных, морфонологических и лексических особенностей сложных числительных и моделей, включающих числительные. В работе использованы методы синхронного и контекстуального анализа. Основным способом образования сложных числительных, по нашим наблюдениям, оказался способ словосложения. При этом между складывающимися основами появляется соединительный элемент ***-ры-***. В таких случаях второй компонент сложения теряет конечный гласный и сложное слово выступает с консонантной финалью. Подобный тип аблаутных чередований гласных с нулем встречается также в моделях, где складываются основы трех числительных. С помощью аблаутных чередований ***ы:э*** образуются разделительные числительные: ***зы/зэ.*** Рассматриваемые модели осложняются также при помощи разных суффиксов. Это чаще всего суффиксы: ***-анэ, -ащI****э*, ***-алэ.*** Указанные суффиксы могут присоединяться к основам с исходными гласными на ***э*** или ***ы.*** При этом корневая морфема осложненной модели всегда оформляется гласным ***а*** (***ы,э***>***а***). Проведенный анализ материала позволил сделать следующие выводы**:** в исследуемых сложных числительных действуют разные типы аблаута, хотя в суффиксальных моделях мы имеем один тип аблаута. Надо отметить, что сложный морфонологический процесс в исследуемых моделях еще полностью не завершен. Чередования по аблауту, возникающие в сложных моделях, большей частью связаны с лексическим содержанием производящей основы, что лишний раз подтверждает взаимосвязь лексики и грамматики.

***Ключевые слова****:* кабардино-черкесский язык, аблаутные чередования, конечный гласный, словосложение, числительные

***Для цитирования****:* Дзуганова Р.Х. Аблаутные чередования в сложных именах числительных в кабардино-черкесском языке // Вестник КБИГИ. 2024. № 2 (61). С. 25–32. DOI: 10.31007/2306-5826-2024-2-61-25-32

Original article

## ABLAUT ALTERNATIONS IN COMPOUND NUMERAL NAMES IN THE KABARDIAN-CHERKASSIAN LANGUAGE

***Rita Kh. Dzuganova***

Institute for the Humanities Research – Affiliated Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardian-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences», Nalchik, Russia, dzug.rita@yandex.ru, orcid.org/0000-0003-0684-7600

© R.Kh. Dzuganova, 2024

***Annotation***. The purpose of the study is to identify ablaut alternations in complex numerals and determine their role in the word formation process of the Kabardian-Circassian language. A comprehensive analysis of the word-formation and morphonological

capabilities of complex models involving numerals is considered one of the pressing problems in Adyghe studies. The scientific novelty of this study lies in the identification of all word-formation, morphonological and lexical features of complex numerals and models that include numerals. The work used methods of synchronous and contextual analysis. The main way of forming complex numerals, according to our observations, turned out to be the method of compounding words. In this case, a connecting element ***-ры-*** appears between the folding bases. In such cases, the second component of the addition loses the final vowel and the compound word appears with a consonantal final. A similar type of ablaut alternation of vowels with zero is also found in models where the stems of three numerals are added. With the help of ablaut alternations ***ы:э***, the dividing numerals are formed: ***зы***/***зэ***. The models under consideration are also complicated by the use of different suffixes. These are most often the suffixes: ***-анэ***, ***-ащIэ, -алэ***. These suffixes can be added to stems with initial vowels ***э*** or ***ы***. In this case, the root morpheme of the complicated model is always formed by the vowel ***а*** (***ы,э>а***). The analysis of the material allowed us to draw the following conclusions: in the complex numerals studied, different types of ablaut operate, although in suffixal models we have one type of ablaut. It must be said that the complex morphonological process in the models under study is not yet completely completed. Alternations along the ablaut that arise in complex models are mostly associated with the lexical content of the producing stem, which once again confirms the relationship between vocabulary and grammar.

***Keywords**:* Kabardian-Circassian language, ablaut alternations, final vowel, composition, numerals

***For citation**:* Dzuganova R.Kh. Ablaut alternations in compound numeral names in the Kabardian-Circassian language. Vestnik KBIGI = KBIHR Bulletin. 2024; 2 (61): 25–32. (In Kabardino-Circassian). DOI: 10.31007/2306-5826-2024-2-61-25-32

ПсалъэщI IэмалкIэ къэхъу бжыгъэцIэхэм макъзэблэхъу лIэужьыгъуэ куэд щокIуэкI. ГъэщIэгъуэнщ макъзэблэхъухэмкIи къэхъу бжыгъэцIэхэри бзэм зэрыхэтыр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, зэрабж бжыгъэцIэ *з**ы***-м (1) щегъэжьауэ *пщI**ы***-м (10) нэс лъабжьэ кIэухым макъзешэ ***ы*** пыту бзэм къыщыкIуэхэм тIурыгуэш бжыгъэцIэхэр ***ы:э*** макъзэблэхъукIэ къатохъукIхэр. Щапхъэ: *з**э*** < (з**ы**), *т1**эу***< (тIу**ы**) *щ**э*** < щ**ы**, *пщI**э*** < пщI**ы**. Зэхуеплъ: *Бжьыгъэшхуэр унащхьэм **зы** плIанэпэм и щIылъэныкъуэр зыубыдыр мыхъуу, моуэ, а (Къамбот) зыхуей сурэтыр нэм къыIуидзэн хуэдэу къыхэубыдыкIауэ (трещIыхь)* (Хьэх 2013: 187). Елъыт: *Джыдэр къищтэу (Къамбот) пхъэм зыщытришащIэм, абы занщ1эу игу къэк1ыжащ Синэху и псалъэхэр: пхъэм **т1эу** уегъэхуабэ: щыпкъутэкIэ **зэ,** щыбгъэскIэ етIуанэу* (Хьэх 2013: 206). Къэдгъэлъэгъуа щапхъэхэмкIэ гурыIуэгъуэ мэхъу ***ы:э*** макъзэблэхъур морфонологие хабзэм зэрезэгъыр, сыту жыпIэмэ грамматикэ мыхьэнэ егъэзащIэри (Кумахов 1981: 229).

Зэрагуэш бжыгъэцIэхэр *з**ы***-м (1) щегъэжьауэ *пщI**ы***-м (10) нэс зэрабж бжыгъэцIэхэм къытрагъэзэжурэ ***-ры-*** псалъэзэпыщIэ Iыхьэ я кум дэту къохъу. Апхуэдэхэм деж къытезыгъэзэж етIуанэ Iыхьэм и лъабжьэ кIэух макъзешэ ***ы***-р покIуэдыкI. Щапхъэ: *зы-ры-з* < *зы-ры-з**ы*** (дэтхэнэми зы хуэзэу), *щы-ры-щ* < *щы-ры-щ**ы*** (щы дэтхэнэми лъысу)*; хы-ры-х* < *хы-ры-х**ы*** (дэтхэнэми хы хуэзэу)*,* н.къ. *Анэр абыхэм (щIалитIым) я Iэ **зырызыр** иубыдауэ щыт хуэдэт, я зэхуакум дэту* (Хьэх 2013: 191). *Къэп **плIырыплI, тхурытху** имылъу си фIэщ хъункъым* (КIыщокъуэ 2006: 469).

Иджы зэхуеплъ ***ы:э*** макъзэблэхъу щыдиIэм деж а бжыгъэцIэ дыдэхэм щекIуэкI аблаут лIэужьыгъуэм бжыгъэцIэхэм я мыхьэнэр зэрихъуэжым. Зэлъыт: *зэ-ры-зэ* (дэтхэнэми зэ къылъысу), *тхуэ-ры-тхуэ* (дэтхэнэми тхуэ къылъысу), *хэ-ры-хэ* (дэтхэнэми хэ къылъысу), н.къ. *Щ1алэхэр **зэрызэ** къафэри, пшынауэр удж еуэу хуежьащ* (КIыщокъуэ 2006: 235).

ДызыкIэлъыплъа псалъэщI бжыгъэцIэхэм наIуэ къащI макъзешэ ***ы***-р адыгэбзэм гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ псалъэхэм я кIэухым хъума зэрыщымыхъур. Апхуэдэ морфологие екIуэкIыкIэр кIахэбзэм иджыри щызэтеувакъым. АдэкIэ гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ псалъэхэм я кIэухым макъзешэ ***э*** къыпыувэр адыгэбзэм щIэуэ къыхыхьа къэхъугъэхэм щыщщ.

БжыгъэцIэрэ лэжьыгъэцIэрэ ***–ры-*** зэпызыщIэ Iыхьэкlэ зэпхауэ щыIэцIэ къыщыхъукIэ щыIэцIэ лъабжьэужь лэжьыгъэцIэм къыщыпыуви щыIэщ. Щапхъэ: *зэ-ры-кIуэ-гъуэ < зэ+ры+кIуэн+гъуэ* (зы къат, защIэ)*, **зэ(зы)*** – тIурыгуэш бжыгъэцIэщ, ***-ры-*** – псалъэзэпыщIэ Iыхьэщ, ***кIуэ(кIуэн)*** – лэжьыгъэцIэ лъабжьэщ, ***-гъуэ*** - щыIэцIэ лъабжьэужьщ.

ГъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ дызытепсэлъыхь псалъэ гупым я кум зэпызыщIэ Iыхьэу къыдэувэ ***–ры-***м теухуауэ бзэщIэныгъэлIхэм IуэхуеплъыкIэ зэхуэмыдэхэр яIэщ. Апхуэдэу щIыщытым и щхьэусыгъуэр абы и тхыдэр наIуэу зэрыщымытырщ. Япэ дыдэ Яковлев Н.Ф. ар бжыгъэцIэхэр зэпызыщIэ Iыхьэу къыхигъэщащ (Яковлев 1948: 245). Щэрдан А.Хь. къызэрилъытэмкIэ дызытепсэлъыхь ***–ры-*** 1ыхьэр бжыгъэцIэхэм ямызакъуэу лэжьыгъэц1эхэми къыщокIуэ, езым мыхьэнэ щхьэхуэ гуэр имыгъэлъагъуэми, лэжьыгъэцIэхэм омоним къыщымыхъун папщIэ морфонологие къалэн (нэщэнэ) щигъэзащIэу (Шарданов 1999: 149).

НэгъуэщI зы IуэхуеплъыкIи дрохьэлIэ дызытепсэлъыхь ***–ры-***м теухуауэ. Шагъыр I.Къ. къелъытэ ар Iэмэпсымэ мыхьэнэ зыгъэлъагъуэ аффиксу, икIи лэжьыгъэр здэгъэза лъэныкъуэри игъэнаIуэу гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэхэм къыщыкIуэу. Щапхъэхэу къехь *зэп**ры**-к*Iын (зы IуфэмкIэ икIыу адрей Iуфэм кIуэн), *зэп**ры**-дзын* (зыгуэр бдзыуэ адрей лъэныкъуэм нэгъэсын) лэжьыгъэцIэхэр (Шагиров 2004: 207).

БжыгъэцIэхэр лъабжьищу зэхыхьэу къэхъу гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ бжыгъэцIэхэм *тIощI* къащыхыхьэм деж зэпызыщIэ Iыхьэ ***–ры-*** къыдоувэ, езы бжыгъэцIэ *тIощI*-ми (< *тIощIы*) пыта макъзешэ ***ы***-р зэфIоувэж, ауэ иужь ит Iыхьэм пыта макъзешэр покIуэдыкI. Апхуэдэ къэхъугъэхэм бжыгъэ пыухыкIа къагъэлъагъуэркъым. Щапхъэхэм зэхуеплъ: *зы-тIощIы-ры-пщI < зы+тIощI// тIощIы+ры+пщIы* (тIощIымрэ щэщIымрэ яку дэту хуагъэфащэ бжыгъэ). *ЕтIуанэ махуэм Астемыр, Елдар, Бот сымэ шу гупыфI – **зытIощIрыпщIым** щIигъуу – зэрагъэпэщщ, къуажэм бжьыпэр Исхьэкъ лIыжьым къыхуагъанэри – макIуэ-мэлъей, здэкIуари здэжари ямыщIэу къуажэм дэкIащ* (КIыщокъуэ 2005: 269).

Нэхъыбэ дыдэу бжыгъэцIэхэм псалъэзэхыхьэ IэмалкIэ ухуа хъуа цIэхэм уащрохьэлIэ. Псалъэзэхыхьэ къэхъукIэкIэ плъыфэцIэ куэд къохъу щыIэцIитIым зы бжыгъэцIэ япыувэкIэрэ. Апхуэдэхэм деж бжыгъэцIэр зэхыхьэ щыIэцIэ лъабжьитIми къыщокIуэ, ари сонант ***и***-кIэ зэпхауэ. Щапхъэ: *Iу-и-тI-бз-и-тI< Iу(ы)(жьэ)+и+тIу+бзэ+и +тIу* (дзыхь зыхуэпщI мыхъу, цIыху зэтемыт); *гу-и-тI-щхь-и-тI < гу(ы)+и+тIу+щхьэ+и+тIу* (дзыхьмыщI, Iэнкун, ищIэнур зымыщIэ, зы пIэрэ зы хьэлым темыт)*,* н.къ. Щапхъэхэм наIуэу уагъэлъагъу апхуэдэ псалъэзэхыхьэхэм (щыIэцIэхэми бжыгъэцIэхэми) я лъабжьэ кIэух макъзешэхэр зэрапыкIуэдыкIыр. Зэхуеплъ: ***БзитIщхьитIу,*** *напэншэу Бэрокъуэр зэрыщытыр зэвгъащIэ – апхуэдэ мыхьэнэ иIэу и пыIэпхэр кIэрахъуэшхуэкIэ пхауду къызэрыхуадзыжари къыгурыIуат* (Теунэ 1980: 156). *Сэ сы-Мэт-Джэрийщ, Жанболэт. Щылъ, укъэмытэдж! Иджы, Жанболэт, сэ сызыхапIыкIар бзаджагъэрэ нэмыплърэщ! Сызыхэтхэр е напэншэщ, е **IуитIбзитIщ*** ( МафIэдз 1974: 89).

Псалъэзэхыхьэ IэмалкIэ гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ бжыгъэцIэхэри къохъу зэпызыщIэ Iыхьэ гуэри къыдэмыувэу. Апхуэдэу ухуа хъуа бжыгъэцIэхэм я лъабжьэ кIэухым макъзэблэхъу къыщымыхъуу къанэркъым. Псалъэм папщIэ, зэрабж бжыгъэцIэ лъабжьитI щызэхыхьэкIэ, етIуанэ Iыхьэм и лъабжьэ кIэух ***ы*** макъзешэр покIуэдыкI, къытекIа бжыгъэцIэхэми пыухыкIа бжыгъэ къамыгъэлъагъуэу къокIуэ: *з**ы**-пщI* < *з**ы**+пщI**ы*** (пщIы хуэдиз). Апхуэдэ гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэхэр зэрагуэш бжыгъэцIищу щызэхыхьи щыIэщ, абыхэми я иужь Iыхьэм и лъабжьэ кIэух макъзешэр пымыту къокIуэ: *з**ы**-бгъу(**ы**)-пщI* < *з**ы**-бгъу(**ы**)-пщI**ы*** (бгъу(ы), пщIы хуэдиз)*; з**ы**-тху(**ы**)-х < з**ы**-тху(**ы**)-х**ы*** (тху, хы хуэдиз хъу бжыгъэ), н.къ. Щапхъэ: *Дыгъэр къыщIэкIри, Къамбот цIыкIу и лъэбакъуэхэмкIэ **зыбгъупщI** хуэдиз хъункIэ уэгум зыщиIэтыжащ* (Хьэх 2013: 210).

ГъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ бжыгъэцIэ *тIо-щI*-ым < *тIу+пщIы* (бжыгъэ тIощI хъу) и етIуанэ Iыхьэм фонетикэ илъэныкъуэкIэ зэхъуэкIыныгъэшхуэ егъуэт: ***-щI-*** лъабжьэ епхам и закъуэ къытекIа бжыгъэцIэхэм хохьэ. Щапхъэхэм зэхуеплъ: *плIы-щI< плIы+пщIы* (пщIыуэрэ плIы хъу бжыгъэ); *бгъу(ы)-щI< бгъу(ы)+пщIы* (пщIыуэрэ бгъу хъу бжыгъэ), *хы-щI< хы+пщIы* (пщIыуэрэ хы хъу бжыгъэ). *Илъэс **хыщIрэ зыхыблрэ** ущыхъукIэ, апхуэдиз хьэзабрэ гузэвэгъуэрэ уи фэ щыдэкIкIэ узыншагъэ дэнэ къикIыжын, гуIэгъуэ? – унэгуащэм Iэдэбу, хуэму псалъэу ерыскъыр Iэнэм къытрегъэувэ* (Хъупсырокъуэ 1980: 98).

ГъэщIэгъуэнщ шэрджэс псалъэкIэм пщIырыбжэ, тIощIырыбжэхэр хъума зэрыщыхъуар, псалъэзэхыхьэм бжыгъэцIитIыр сонант ***й***-кIэ зэпхауэ къызэрыщыкIуэм укIэлъыплъыныр.

Щапхъэхэр зэлъыт:

*Жэму иIэр («Нэхущ» совхозым) хуэдизрэ ныкъуэкIэ нэхъыбэт («Заветы Ильичам» нэхърэ), ауэ жэм къэс шэ къыщIашыр мыбдежым куэдкIэ щынэхъ мащIэу къыщIэкIащ… жэмищэ къэс шкIэ **пщIихрэ** тIурэ нэхъ къыщIагъэхъуакъым илъэс кIуам!* (Тыуаршы 1978).

*Долэт илъэс **тIощIитI** фIэкIа и мыныбжьми, ар зэ IуплъэгъуэкIэ къыпфIэщIынщ илъэс **тIощIищым** щхьэдэхауэ* (Дыгъужь 2011: 78).

КъытекIа лэжьыгъэцIэхэу 100-м щегъэжьауэ 900-м нэс я къэхъукIэр щхьэхуэщ: *щэ* (100) бжыгъэцIэмрэ етIуанэ Iыхьэу къакIуэ зэрабж бжыгъэцIэмрэ сонант ***й***-кIэ зэпыщIащ, езы бжыгъэцIэхэм я лъабжьэ кIэуххэм япыт макъзешэхэр покIуэдыкI. Щапхъэхэм зэхуеплъ: *щ-и-тI< щэ+и+тIу* (щэуэрэ тIу хъу бжыгъэ)*; щ-и-бгъу < щэ+и+бгъу(ы)* (щэуэрэ бгъу хъу бжыгъэ), н.къ. Япэ Iыхьэм и лъабжьэ кIэух макъзешэр ***й*** сонантым и гъунэгъуу къыщыкIуэкIэ покIуэдыкI, етIуанэ Iыхьэм и лъабжьэ кIэух ***ы*** макъзешэр псалъэкIэм зэрыпыкIуэдыкIыр бзэм и фонетикэ хабзэм йозэгъ. (Дзуганова 2005: 179).

Апхуэдэу гъэщIэгъуэнщ щыIэцIэхэм бжыгъэцIэхэр щапыувэкIэ, сытым дежи сонант ***й***-кIэ зэпыщIа зэрыхъур. Щапхъэ: *ун-и-тI* (унэхэр тIу хъууэ), *жэм-и-щ* (жэмхэр щы хъууэ), н.къ. ***ЗэкъуэшитIрэ дзитI** зыIут къамэрэ, жыхуаIэр Астемыр дауи ищIэрт* (КIыщокъуэ 2005: 57).

БжыгъэцIэхэр макъыцIэхэм щапыувэм дежи зэпызыщIэ Iыхьэу сонант ***й***-р къокIуэ. Щапхъэ: *уэуэу,* ауэ ***уэу-и-тI.***

Къумахуэ М.А. и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм къызэрыхэщымкIэ сонант ***й***-мрэ ***р***-мрэ макъзэблэхъу къагъэхъу. ЩIэныгъэлIым къызэрилъытэмкIэ, зи гугъу тщIы сонантхэр (***й:р***) зы псалъэм зыр зымкIэ щызэпхъуэкI щыхъу щыIэщ. Щапхъэ: *гу-и-х =гу-ры-х* (шынагъуэ). (Кумахов 1989: 79).

Езы бжыгъэцIэхэм лъабжьэгъусэхэр япыувэурэ гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ бжыгъэцIэ куэд къагъэхъу. Апхуэдэ къэхъукIэхэм макъзэблэхъу зэхуэмыдэхэр щокIуэкI. БжыгъэцIэ лъабжьэ кIэухыр пыкIуэдыкIауэ гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ бжыгъэцIэхэр къагъэщI ***е-*** лъабжьэпэмрэ ***–анэ*** лъабжьэужьымрэ. Щапхъэ: *е-пщI-анэ < е+пщI(ы)+анэ* (пщIым къытекIа бжыгъэцIэ)*, е-тху-анэ < е+тху(ы)+анэ* (тхум къытекIа бжыгъэцIэ). ***Е-*** лъабжьэпэщ, ***тху(ы), пщI(ы)–*** бжыгъэцIэ лъабжьэхэщ, ***-анэ*** – бжыгъэцIэ къызэрыхъу лъабжьэужьщ. *Абы нэсщ ищIэжыр (Къамбот) – дунейр IэщIэкIащ, зыкъиищIэжакъыми, къызэтрихакъым и напIэр **етIуанэ** махуэми, **ещанэми, еплIанэми**…*(Хьэх 2013: 207).

ГъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ бжыгъэцIэхэм морфонологие елъытакIэ я гъэпсыкIэр мыкъутэу лъабжьэужьхэу ***–рей, -рауэ***-хэр япоувэ. Щапхъэ: *е-х-анэ-рей <е+хы+анэ+рей* (хым къытекIа зэрызэкIэлъыкIуэ бжыгъэцIэ)*; е-бл-анэ-рей <е+блы+анэ+рей* (блым къытекIа зэрызэкIэлъыкIуэ бжыгъэцIэ). Апхуэдэ дыдэу зэхуеплъ щапхъэхэм: *е-тху-анэ-рауэ<е+тху+анэ+рауэ* (тхум къытекIа зэрызэкIэлъыкIуэ бжыгъэцIэ); *е-бгъу-анэ-рауэ <е+бгъу+анэ+рауэ* (бгъум къытекIа зэрызэкIэлъыкIуэ бжыгъэцIэ).

Лъабжьэужь ***–анэ, –рей***-хэмкӀэ къэхъуа гъэпсыкӀэ зэхэлъ зиӀэ бжыгъэцӀэхэм мыхьэнэкӀэ зэщхьэщыкӀыныгъэшхуэ яӀэкъым, уеблэмэ синонимэгъу зэхуохъу. Зэхуеплъ: *е-щ-анэ=е-щ-анэ-рей; е-бл-анэ=е-бл-анэ-рей,* н.къ.

Лъабжьэужь ***–ней***-р тӀурыгуэш бжыгъэцӀэхэм япыувэурэ гъэпсыкӀэ зэхэлъ зиӀэ бжыгъэцӀэхэр къегъэхъу 2-м щегъэжьауэ 10-м нэс. Щапхъэ: *щэ-ней* (щэ зэкӀэлъыкӀуэу), *плӀэ-ней* (плӀэ зэкӀэлъхьэужьу), н.къ. *Зы телъыджащэ гуэр къыпкърыуа хуэдэу, Мыкъэ занщӀэу **щэней** дэлъеящ, и пыӀэри дридзейурэ* (Шортэн 2016: 121).

Лъабжьэужь ***–ащӀэ***-р зэрабж бжыгъэцӀэм щыпыувэкӀэ бжыгъэцӀэм и лъабжьэ кӀэух макъзешэр покӀуэдыкӀ. Щапхъэ: *щ-ащӀэ* <*щы+ащӀэ* (щыуэ зэтелъ); *плӀ-ащӀэ* < *плӀы+ащӀэ* (плӀыуэ зэбгъурылъ зэкӀуэцӀыуплӀэнщӀа, зэтелъ). Щапхъэ: ***ЩащӀэу, плӀащӀэу** зэкӀуэцӀылъхьа щӀакӀуэхэр шэнт папщӀэу Ӏэнэ гъунэм егъэтӀылъэкӀат* (Теунэ 1980: 78).

А щӀыкӀэ дыдэм тету зэрабж бжыгъэцӀэ 1-м щегъэжьауэ 5-м нэс пыувэурэ лъабжьэужь ***–алэ***-м гъэпсыкӀэ зэхэлъ зиӀэ бжыгъэцӀэхэр къегъэхъу. Щапхъэ: *з-алэ* (Ӏэпхъуамбапщэм и гъумагъым е и бгъуагъым хуэдиз зи кӀыхьагъ щапхъэ), *тӀу-алэ* (ӀэпхъуамбитӀ зэгуэлъ иубыд зи кӀыхьагъ, пасэм щыгъуэ къагъэсэбэпу щыта щапхъэ), *плӀа-лэ* (ӀэпхъуамбиплӀ зэгуэлъым иубыд кӀыхьагъ). *Къэзанокъуэ Жэбэгъы еупщӀат, жи, «пэжымрэ пцӀымрэ сыт я зэхуаку», жаӀэри. **ПлӀалэ** я зэхуакущ, къажриӀащ, жи, и **плӀалэр** нэмрэ тхьэкӀумэмрэ я зэхуакум трилъхьэри* (Нало 2016: 3).

Къумахуэ М.I. и къэхутэныгъэхэм къазэрыхэщымкӀэ [Кумахов 1989: 110], лъабжьэужь ***–алэ***-р убыхыбзэм бжыгъэцӀэ къызэрыхъу и лъабжьэужь ***–ла***-м мыхьэнэкӀэ йокӀуалӀэ. Зэхуеплъ убыхыбзэм: *тӀкъӀуатӀуала зала* (тӀощӀрэ зырэ). Щапхъэхэм зэрахэтлъагъуэмкӀэ, убыхыбзэ лъабжьэужь ***–ла***-р адыгэбзэм бжыгъэцӀэ зэхэлъхэр зэрыщызэкӀэлъахь лъабжьэужь ***–рэ***-м къыпадзми, зи цӀэ къитӀуа бзэ щӀэныгъэлӀым къызэрилъытэмкӀэ дызыкӀэлъыплъ лъабжьэужьхэр адыгэхэмрэ убыххэмрэ зыбзэ ирипсалъэу щыщыта лъэхъэнэм щыӀа псалъэкъэхъукӀэщ.

ЕдгъэкӀуэкӀа къэхутэныгъэм къызэригъэлъэгъуамкӀэ, бжыгъэцӀэхэм псалъэщӀ екӀуэкӀыкӀэм куэдрэ дащрохьэлӀэ. Псом хуэмыдэу псалъэзэхыхьэ къэхъукӀэм бжыгъэцӀэхэр куэдрэ хохьэ. Ахэр япэ Ӏыхьэуи, етӀуанэ Ӏыхьэуи, ещанэуи къэкӀуэнкӀэ мэхъу. Апхуэдэ зэхуэмыдэ къэхъукӀэм макъзэблэхъу зэмыщхьэри къешэ. ӀыхьитӀ хъу псалъэзэхыхьэм и япэ Ӏыхьэр бжыгъэцӀэу къакӀуэмэ, абы и лъабжьэ кӀэух макъзешэр хъума мэхъу. БжыгъэцӀищ зэхыхьэу къэхъу гъэпсыкӀэм и ужь ит Ӏыхьэм и лъабжьэ кӀэух ***ы***-р покӀуэдыкӀ. Ауэ апхуэдэ дыдэу псалъэзэхыхьэм и иужь Ӏыхьэу къакӀуэ бжыгъэцӀэм и лъабжьэ кӀэух ***э***-р хъума мэхъу. Псалъэзэхыхьэ къэхъукӀэм лъабжьэ кӀэух ***ы***-р пыкӀуэдыкӀыныр адыгэбзэ фонетикэ екӀуэкӀыкӀэ хабзэм кърeубыдэ, ар кӀахэбзэм иджыри щызэфӀэмыкӀами. Ауэ гъэпсыкӀэ зэхэлъ зиӀэ мы псалъэ гупым хыхьэхэм я лъабжьэ кӀэухым пыт ***э*** макъзешэр адыгэбзэм езым къыщыхъуа къэхъугъэщӀэщ. Макъзэблэхъу зэхуэдэ щыдиӀэщ бжыгъэцӀэхэм лъабжьэужьхэр къапыувэурэ гъэпсыкӀэ зэхэлъ яӀэ щыхъухэм деж.

**ТегъэщӀапӀэхэр**
**Список источников**


Дзуганова 2005 – *Дзуганова Р.Х.* Морфонологические процессы в кабардино-черкесском словообразовании. Нальчик: Эль-фа, 2005. 216 с.

Дыгъужь 2011 – Дыгъужь Къу. ЩӀымахуэ лэгъупыкъу. Роман. Япэ тхылъ. Черкесск: РГУ, Къэрэшей-Шэрджэс тхылъ тедзапӀэ, 2011. 174 н.

Кумахов 1964 – *Кумахов М.А.* Морфология адыгских языков. М.–Нальчик: Кабардино-Балкарское книжное издательство, 1964. 272 с.

Кумахов 1989 – *Кумахов М.А.* Сравнительная грамматика адыгских (черкесских) языков. М.: Наука, 1989. 384 с.

КIыщокъуэ 2005 – *КIыщокъуэ А.П.* Хъуэпсэгъуэ нур // Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. Т. 2. Налшык: Эльбрус, 2005. 488 н.

КIыщокъуэ 2006 – *КIыщокъуэ А.П.* МелыIыч // Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. Роман. Т. 5. Налшык: Эльбрус, 2006. 552 н.

МафIэдз 1974 – *МафIэдз С.Хь.* ЩIакIуэ фIыцIэ. Налшык: Эльбрус, 1974. 344 н.

Нало 2016 – *Нало З.М.* ПцIыIэрышэхэр, псысэхэр, таурыхъхэр // Тхыгъэхэр томищым щызэхуэхьэсауэ. Т. 3. Налшык: Эльбрус, 2016. 432 н.

Теунэ 1980 – *Теунэ Хь.И.* Шэджэмокъуэ лъэпкъыр. Налшык: Эльбрус, 1980. 568 н.

Хьэх 2013 – *Хьэх С.* Лъагъуэр гъуэгум хуокIуэ. Налшык: Эльбрус, 2013. 624 н.

Хъупсырокъуэ 1980 – *Хъупсырокъуэ Хъ.* ГъукIэ. Черкесск: Ставрополь тхылъ тедзапIэ. Къэрэшей-Шэрджэс отделенэ, 1980. 262 н.

Шагиров 2004 – *Шагиров А.К.* Фонетика и морфология кабардинского языка. Нальчик: Республиканский полиграфкомбинат им. Революции 1905 г., Эль-Фа. 2004. 220 с.

Шарданов 1999 – *Шарданов А.Х.* Проблемы кабардино-черкесской грамматики. Нальчик: Полиграфсервис и Т., 1999. 233 с.

Шортэн 2016 – *Шортэн А.ТI.* Бгырысхэр. Роман-эпопея, тхылъиплI хъууэ. Налшык: Эльбрус, 2016. 1224 н.

Яковлев 1948 – *Яковлев Н.Ф.* Грамматика литературного кабардино-черкесского языка. М.–Л., 1948. 372 с.

## References

DZUGANOVA R.Kh. *Morfonologicheskie protsessy v kabardino-cherkesskom slovoobrazovanii* [Morphonological processes in Kabardian-Circassian word formation]. Nal'chik: El'-fa, 2005. 216 p. (In Russian)

DYG"UZH' K"u. *ShchIymakhue leg"upyk"u* [Winter rainbow]. Roman. Yape tkhyl". Cherkessk: RGU, K"ereshei-Sherdzhes tkhyl" tedzapIe, 2011. 174 n. (In Kabardino-Circassian)

KUMAKHOV M.A. *Morfologiya adygskikh yazykov* [Morphology of Adyghe languages]. M.-Nal'chik: Kabardino-Balkarskoe knizhnoe izdatel'stvo, 1964. 272 p. (In Russian)

KUMAKHOV M.A. *Sravnitel'naya grammatika adygskikh (cherkesskikh) yazykov* [Comparative grammar of the Adyghe (Circassian) languages]. M.: Nauka, 1989. 384 p. (In Russian)

KIYSHCHOK"UE A.P. *Kh"uepseg"ue nur* [Cherished light] // Tkhyg"ekher tomikhym shchyzekhuekh'esaue. T. 2. Nalshyk: El'brus, 2005. 488 n. (In Kabardino-Circassian)

KIYSHCHOK"UE A.P. *MelyIych* [Angel] // Tkhyg"ekher tomikhym shchyzekhuekh'esaue. Roman. T. 5. Nalshyk: El'brus, 2006. 552 n. (In Kabardino-Circassian)

MAFIEDZ S.Kh'. *ShchIakIue fIytsIe* [Black burqa]. Nalshyk: El'brus, 1974. 344 n. (In Kabardino-Circassian)

NALO Z.M. *PtsIyIeryshekher, psysekher, taurykh"kher* [Lies, fairy tales, legends] // Tkhyg"ekher tomishchym shchyzekhuekh'esaue. T. 3. Nalshyk: El'brus, 2016. 432 n. (In Kabardino-Circassian)

TEUNE Kh'.I. *Shedzhemok"ue l"epk"yr* [Shogemukhov family]. Nalshyk: El'brus, 1980. 568 n. (In Kabardino-Circassian)

KH'EKH S. *L"ag"uer g"uegum khuokIue* [The path leads to the road]. Nalshyk: El'brus, 2013. 624 n. (In Kabardino-Circassian)

KH"UPSYROK"UE Kh". *G"ukIe* [Blacksmith]. Cherkessk: Stavropol' tkhyl" tedzapIe. K"ereshei-Sherdzhes otdelene, 1980. 262 n. (In Kabardino-Circassian)

SHAGIROV A.K. *Fonetika i morfologiya kabardinskogo yazyka* [Phonetics and morphology of the Kabardian language]. Nal'chik: Respublikanskii poligrafkombinat im. Revolyutsii 1905 g., El'-Fa, 2004. 220 p. (In Russian)

SHARDANOV A.Kh. *Problemy kabardino-cherkesskoi grammatiki* [Problems of Kabardian-Circassian grammar]. Nal'chik: Poligrafservis I T, 1999. 233 p. (In Russian)

SHORTEN A.T. *Bgyryskher* [Highlanders]. Roman-epopeya, tkhyl"iplI kh"uue. Nalshyk: El'brus, 2016. 1224 n. (In Kabardino-Circassian)

YAKOVLEV N.F. *Grammatika literaturnogo kabardino-cherkesskogo yazyka* [Grammar of the literary Kabardino-Circassian language]. M.–L., 1948. 372 p. (In Russian)

**Авторым теухуауэ**

**Дзыгъуанэ Р. Хь.** – филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, адыгэбзэ секторым и щIэныгъэ лэжьакIуэ пашэ.

**Информация об авторе**

**Р.Х. Дзуганова** – доктор филологических наук, ведущий научный сотрудник сектора кабардино-черкесского языка.

**Information about the author**

**R.Kh. Dzuganova** – Doctor of Science (Philology), Leading Researcher of the Kabardino-Circassian Language Sector.

Статья поступила в редакцию 04.03.2024; одобрена после рецензирования 10.06.2024; принята к публикации 30.06.2024.

The article was submitted 04.03.2024; approved after reviewing 10.06.2024, accepted for publication 30.06.2024.